

Re-konfimasyon Asistans Lojman Dirèk

Release Date: Jan 12, 2024

Re-konfimasyon se yon pwosesis FEMA itilize pou kapab re-evalye Lojman Dirèk rezidan yo gras ak vizit chak mwa yo. Sa ede motive rezidan yo pou suiv Plan Lojman Pèmanan yo.

Ekip asistans lojman dirèk FEMA an kontinye ap etale inite fabrik lojman yo ak karavàn pou kalifikasyon sivivan Siklòn Idalia nan Florida. Plizyè inite te deja resevwa "pèmi antre", sa ki vle di fanmi yo te jwenn kle yo epi yo te gen an posèsyon yo kay tanporè yo a. FEMA mande tout rezidan inite lojman dirèk tanporè yo pou yo patisipe aktivman nan pwosesis re-konfimasyon an.

Mete yon Plan Lojman Pèmanan sou Pye

FEMA mande rezidan prensipal Inite Lojman Tanporè Transpòtab yo (inite fabrik lojman yo ak karavàn yo) pou mete sou pye yon Plan Lojman Pèmanan (Permanent Housing Plan, PHP) ki reyalis pou moun nan kay yo pa pita pase premye re-konfimasyon an. Yon PHP ki akseptab kapab gen youn (1) nan bagay sa yo:

- Yon pwopriyetè avan katastwòf la kapab repare oswa re-konstui rezidans avan katastwòf la.
- Yon pwopriyetè avan katastwòf la kapab achte yon nouvo rezidans.
- Yon pwopriyetè oswa lokatè avan katastwòf kapab jwenn oswa fè kontra pou yon inite ki pou lwe ki disponib.

Fè PHP ou Reyalis ak yon bagay ki Reyalizab



FEMA

Page 1 of 2

Antanke rezidan prensipal Inite Lojman Tanporè Transpòtab (Transportable Temporary Housing Unit, TTHU), FEMA revize ase souvan plan lojman pèmanan ou pou kapab asire plan reyalis ak reyalizab nan tan asistans lan. Yon PHP reyalis ak reyalizab lè ou:

- gen ase resous finansyè oswa lòt bagay ki solid ou gen bezwen pou reyalize PHP a nan tan asistans lan. Resous ki sifizan gen ladan l fon ki kapab verifye oswa angajman pou asistans ki pa finansye, ajans ki volontè pou travay; ak
- prezante dokiman pwogrè pou PHP a (egzanp: pèmi yo bay, kontra pou reparasyon).

Travay ak Konseye Re-konfimasyon ou an

Yon konseye re-konfimasyon jwe yon wòl enpòtan nan pwosesis re-konfimasyon an pandan li ap gide w pou w kapab retabli, revize Lisans ki Revokab oswa Akò pou Lojman Tanporè jan w bezwen li an epi kominike w bagay ki enpòtan pou FEMA.

Konseye re-konfimasyon an ap travay ak ou pou idantifye bezwen ou pa kapab reponn ak yo men ou kapab vin genyen pandan l ap pale sou estati finansyè ou, estati konstriksyon oswa reparasyon lojman ak objektif alontèm lojman. Aprè vizit la, konseye re-sètifikasyon an ap kowòdone ak lòt patnè pou retablisman pou kapab idantifye bezwen sibvansyon FEMA kapab reponn ak yo oswa lòt resous. Konseye re-konfimasyon an pral fè suivi ak ou pou kapab deside pwochen etap yo.

Pou dènye enfòmasyon sou reyabilitasyon Florida apre Siklòn Idalia a, ale sou floridadisaster.org/info ak fema.gov/disaster/4734. Suiv FEMA sou X, ansyen non Twitter, sou twitter.com/femaregion4 ak sou facebook.com/fema.



FEMA